


Depatman Jesyon Dechè Solid
Kat Pwopozisyon Frè Dechè pou Ane 2025



Pwopozisyon Evalyasyon Non-Ad Valorem Frè Ramasaj Dechè Rezidansyèl Konte Miami-Dade

Konsèy Komisyonè Konte Konte Miami-Dade va òganize yon **Odyans Piblik sou pwopozisyon Evalyasyon Non-Ad Valorem frè 2025** nan Chanm Komisyon yo ki nan **2yèm etaj 111 NW 1st Street, Miami, Florida, 33128 madi 16 jiyè 2024, a 9:30 am**. Objektif Odyans Piblik la se pou resevwa kòmantè piblik la sou pwopozisyon evalyasyon frè yo anvan desizyon final. Konsèy Komisyonè Konte yo ka AMANDE oswa MODIFYE pwopozisyon evalyasyon nan odyans lan. Pwopriyete ke evalyasyon yo ka konsène gen dwa prezante nan odyans piblik sa a epi depoze objeksyon alekri bay Konsèy Komisyonè Konte Miami-Dade nan lespas ven (20) jou apre dat avi sa a. Pwopriyete yo ka poste lèt ki gen rapò ak sa voye bay Department of Solid Waste Management, Public Information and Outreach Division, 2525 NW 62nd Street, 5th Floor, Miami, Florida 33147 oswa pa imel nan **dsww@miamidade.gov**, ekri nan liy sijè a: **2025 Proposed Solid Waste Fee**.

Lejand

- Zòn Sèvis Depatman Jesyon Dechè Solid
- Fatra mensej, Fatra, TRC, Resikaj: Frè aktyèl \$547 (San pwopozisyon ogmantasyon frè)
- Gran poublè-Fatra mensej, Fatra, TRC: Frè aktyèl \$422 (San pwopozisyon ogmantasyon frè)
- Sant Fatra ak Resikaj (TRC): Frè aktyèl \$139 (San pwopozisyon ogmantasyon frè)
- Fatra ak Resikaj: Frè aktyèl \$219 (San pwopozisyon ogmantasyon frè)
- Fannmi Ka Millip: Frè aktyèl \$547 (San pwopozisyon ogmantasyon frè)
- Fatra, Resikaj ak TRC: Frè aktyèl \$358 (San pwopozisyon ogmantasyon frè)
- Grani wout

Pou revize yon vèsyon entèaktif lat ou a sou entènèt pou detèmine pwopozisyon frè ou la, tanpri vizite sit entènèt sa a: <https://gisweb.miamidade.gov/SWFee/>

MIAMI-DADE COUNTY
 16 Chèyèn Solid Establisman Jenerasyon (SSE)
 Divizyon Pwopozisyon Evalyasyon Residansyèl
 1 Janvye 2024
 1000 NW 1st Street
 Miami, FL 33136
 www.miamidade.gov

Tout evalyasyon non-ad valorem ki otorize va vini ansanm ak nan Fakti Konbine Taks sou Pwopriyete 2025 la ki va distribye nan mwatye Oktòb epi Pèseptè Taks la va kolekte. Dapre Lwa Laflorid, si moun pa peye evalyasyon non-ad valorem lè yo dwe [peyab 1ye novanm jiska 31 mas], sa ap lakòz yo emèt yon sètifika taks sou pwopriyete a; sa ki ka lakòz pèt tit pwopriyete. Yon evalyasyon non-ad valorem se yon evalyasyon espesyal oswa frè sèvis ki pa baze sou valè pwopriyete a ak milaj. Ramasaj dechè solid rezidansyèl yo se sèvis ke evalyasyon non-ad valorem finanse ke yo ap konsidere/adopte nan pwopozisyon evalyasyon frè sa a.

- Pou revize yon vèsyon entèaktif kat sa a sou entènèt pou detèmine frè w la, tanpri vizite sit entènèt sa a: <https://gisweb.miamidade.gov/SWFee/>
- Para ver este anuncio en español, visite la página web miamidade.gov/wastefee.

Konte Miami-Dade bay aksè egal ak opòtinite egal nan travay epi li pa fè diskriminasyon sou baz andikap nan pwogram oswa sèvis li yo. Pou materyèl nan fòm a altènatif, yon entèprèt lang siy oswa lòt akomodman, tanpri rele (305) 514-6646 omwen kat jou davans.